


# BAGAY KI PA T KONSA DEPI NAN KÒMANSMAN AN

 . . . nan epòk Li, ap anseye bagay ki pa t konsa. M sipoze ke si L ta vini jodi a, Li t ap jwenn menm bagay la: bagay ki pa t konsa depi nan kòmansman an. Si nou toujou vle konn ki sa k verite, retounen nan kòmansman an. Retounen nan Jenèz, epi nou ka pran chak sèk ak chak verite jodi a. Jis . . . Tout plant yo te kòmanse nan Jenèz, paske Jenèz se chapit plante semans Bib la. E si nou vle konn kisa ki kòrèk, retounen depi nan kòmansman an.

<sup>2</sup> Jis tankou m t ap eseye di yèswa, lè Bondye fè yon deklarasyon yon fwa, Li pap janm ka devye de deklarasyon sa a. Li dwe kenbe l nèt ale. Sa Li di nan Jenèz se menm bagay nan Apokalips, epi nèt ale. Li se Bondye, e se tou. Ou wè? E tout Pawòl Li se verite.

<sup>3</sup> Kounye a, nou konstate ke lè Jezi te vini, Li te jwenn anseyan ki te pran Pawòl Bondye a epi ki te pèvèti L, pou akomode yo. Yo te pran kòmandman Bondye yo epi yo te pèvèti L pou vin yon kredo.

<sup>4</sup> Kounye a, sonje, gen yon sèl Kreyatè, epi tout . . . Satan pa yon kreyatè. Kisa *peche* ye? *Peche* se “enjistik,” e *enjistik* se “jistis pèvèti.”

<sup>5</sup> Petèt m ap rann li pi klè. Yo se . . . Nou se yon kongregasyon melanje. Koute doktè nou; Mwen se frè nou. Paske yon nonm k ap viv ak madanm li se jistik. Li marye ak manzè. Menm zak la avèk yon lòt fanm se lanmò. Youn mennen lavi, lòt la se lanmò. Ou wè? *Enjistik* se “jistis pèvèti.” Kisa yon *manti* ye? Se “verite a ki defòme.”

<sup>6</sup> Kifè se sa Jezi te jwenn. E se nan sa nou tout pral tonbe, osi lontan n ap pran epi ajoute, oswa retire nan Pawòl Bondye a, se pèvèti Pawòl Bondye a.

<sup>7</sup> Kifè lè Jezi te vini, Li te dekouvri ke yo te pran Pawòl Bondye a e yo te pèvèti L, e yo te fè yon tradisyon lòm. E Li te di: “Poukisa noumenm ak tra- . . . te chanje Pawòl Bondye a?” Nan pran tradisyon yo, epi chanje Pawòl Bondye a, fè L di yon bagay ke Li pa t vrèman di.

<sup>8</sup> Nou dekouvri ke Li te jwenn sa nan tan pa L la, e ke Li t ap jwenn li isi a jodi a. E Li menm, nan Prezans, oswa, nan Pèsòn Sentespri a, menm Bondye ki te toujou la, ki abite nan pèp Li sou fòm Sentespri a, li manifeste atravè vrè kwayan an, ke lòm

pèvèti Pawòl Bondye a pou adapte l ak kredo yo, olye pou yo adapte kredo yo ak Pawòl Bondye a.

<sup>9</sup> M vle yon moun jwenn Kredo Apot yo nan Bib la, jan nou ta di l jodi a: “M kwè nan Sent egliz Katolik Women, nan kominyon sen yo.” Nenpòt sa k ap kominike ak mò se espiritis. “Gen yon sèl Medyatè ant Bondye e lèzòm, se Lòm Kris Jezi a.” Se tou. Pa gen okenn lòt medyatè. Alò nenpòt bagay . . . Yo pèvèti bagay yo, lè yo fè yon Kredo Apot.

<sup>10</sup> Si apot yo te gen yon kredo, se te Ak 2:38. Li—li te gen . . . se sa yo t ap preche san rete epi—epi yo t ap frape antre nan moun yo. Ke yo dwe repanti fas a Bondye e latriyè. Sa se, si gen yon kredo nan Bib la, se t ap li, ke apot yo te itilize.

<sup>11</sup> Alò yo . . . tout direksyon yo te pran ak Sentespri a te rete ak Pawòl la. E si nenpòt moun, oswa anj, ta janm di yon bagay kontrè ak Pawòl la, Galat 1:8 di: “Ke l modi.” Sa dwe Pawòl Bondye a.

<sup>12</sup> Pòl te di: “Si yon anj ki sot nan Syèl vin jwenn nou ak nenpòt lòt levanjil ke sa nou te deja tande a, ke l modi.” Kifè nou kwè ke syèl la ak tè a ap pase, men Pawòl Bondye a p ap pase, paske Pawòl la se Bondye. Bondye pa ka pase. Kreyasyon an va pase, men Bondye pa ka pase.

<sup>13</sup> Pa gen okenn plas pou fè blag, chè a pa kote pou fè blag. M panse ke Pawòl Bondye a ta dwe preche apati de isi a ak anpil serye nan—nan kè, e nou ta dwe sonje sa. Men jis pou m di sa, jis pou m eklèsi pwen sa, vye kanmarad nwa a, la a kèkpa nan Sid la, yon fwa te fè yon deklarasyon, li te di: “Li ta pito kanpe sou Pawòl Bondye a pase pou kanpe nan Syèl la.” Yo te mande l poukisa. Li te reponn: “Paske toulède Syèl la ak tè a ap pase, men Pawòl Bondye a p ap pase.” Se vre. Nou dwe rete sou Pawòl la.

<sup>14</sup> Jezi, lè L te vini, Li te di: “Moyiz akoz kè nou di te pèmèt nou divòse ak madanm nou: men sa pa t konsa depi nan kòmansman.” Kounye a, nou jwenn ke yo te pran kòmandman Bondye yo pou te rann yo san efè.

<sup>15</sup> Lè Jezi te vini, Li te jwenn moun ki t ap gade nan direksyon legliz pou sali yo. Kisa yo te jwenn? Kredo; chak denominasyon k ap monte pwòp kredo pa l. E se konsa Li te jwenn moun yo ki te depann de legliz la pou sali yo; e yo te jwenn kredo ke moun te fabrike.

<sup>16</sup> E si L ta vin jodi a an Pèsòn pou L ap pale avèk nou, Li t ap jwenn menm bagay la: lezòm k ap adapte Pawòl Bondye a a denominasyon yo, ap ba yo kredo. E pa gen okenn sali nan yon kredo, si se pa Bib la. Li dwe Bib la, paske Pawòl Li se . . . tout sa nou bezwen, se Pawòl Li. E Pawòl Li, lè L se Pawòl la, Pawòl Bondye a se Bondye. Se tou. Se Pawòl Li, Limenm. Li se . . . “Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye.” E Pawòl la toujou Bondye. Li toujou Bondye.

17 Kounye a, nou dekouvri ke lè L vini, Li te jwenn lèzòm, lè sa a, ki t ap pran kòmandman Bondye yo pou rann yo san efè, nan pran kòmandman Bondye yo, epi adapte l pou koresponn ak kredo yo, konsa sa pa t gen okenn efè. Epi legliz te gade . . . Moun yo te gade nan direksyob legliz olye pou yo gade nan direksyon Pawòl Bondye a. Se poutèt sa, Li te di: “Li pa t konsa depi nan kòmansman an.”

18 Nou jwenn ke se menm bagay la jodi a, jan m te site l de ou twa fwa deja maten an, pou ap obsève revèy sa, sa rann mwen gen estrès, kifè mwen—mwen vle di sa kanmenm, ke, “Sa a vre.” Alò nan jou sa jan l ye kounye a, epi kounye a jan l te ye lè sa a, yo rele byen fò: “Kote Bondye?”

19 Ebyen, se sa bagay la menm, ke, yo te kite Bondye lè yo te kite Pawòl Li. Se pou rezon sa a nou gen bagay yo jam yo ye jodi a, se paske moun yo kite Pawòl Bondye a.

20 Si yon doktè ekri yon òdonans, yon preskripsyon, epi nou ajoute yon bagay sou li, oswa nou retire sou li, n ap touye pasyan nou an. Se vre. Nou dwe kenbe l fason l te ekri a. Gen ase antidòt la pou deranje pwazon an, gen ase pwazon pou touye mikwòb la. E twòp pwazon ladan l san antidòt la t ap touye pasyan an; epi—epi twòp antidòt san pwazon an, kisa l t ap fè? Li pa t ap ede pasyan nou an. Kifè nou dwe kenbe l kòrèk.

21 E se konsa Pawòl Bondye a ye. Se Preskripsyon Bondye a. Wi, frè. Se Preskripsyon Bondye bay pèp Li pou geri tout malèz, tout maladi. Peche ak fizik la, kèlkeswa sa l ka ye a, yo tout trete nan Pawòl Bondye a. Amèn. Se Pawòl Bondye a. Se te konsa nan kòmansman an; Se te konsa nan mwayennaj; Se konsa nan tout aj; e Se konsa maten an, jis menm jan Sa te ye lè L t ap pwononse L, paske Li pa ka devye yon ti pousyè, paske Se Pawòl Bondye.

22 Alò moun jodi yo, se pa etonan y ap rele: “Jou mirak yo pase. Pa gen yon tèt bagay tankou gerizon Divin.” Poukisa yo fè l? Paske yo pran Pawòl Bondye a e yo vlope kredo yo ladan l, e yo melanje bagay la mal. E yo pa gen okenn pouvwa la. Si yon anj, yon evèk, yon achevèk, oswa kèlkeswa sa l ta ka ye a, ta vini pou chanje yon sèl Pawòl, l ap chanje tout Preskripsyon an. Annou rete egzaktman avèk sa L te di a. Sa Bondye te di a, ann kite L jis konsa.

23 Legliz yo fini jodi a. Yo pati an vitès kèkpa, ap fè òganizasyon, ap fè denominasyon, ap mennen moun yo swiv kredo olye de Kris. M pa vle okenn kredo ke Kris, okenn lwa ke lanmou, e okenn liv ke Bib la. Se egzaktman sa nou genyen: Sa se Kredo Bondye, Se Preskripsyon Bondye. Se Antidòt Bondye pou peche. Se Antidòt Bondye pou gerizon nou, e Se—Se pwisans Bondye ki manifeste pou nou, pandan n ap pran Pawòl la nan vi nou.

24 Kounye a, nou jwenn ke y ap reponn, y ap rele byen fò: “Kote Bondye Moyiz la?” Rezon ki fè Moyiz te rete ak Bondye e bagay

yo t ap dewoule, Bondye t ap swiv preskripsyon Moyiz la, Moyiz t ap swiv Pawòl Bondye a. Fason ke Pyè, Jak, ak Jan te atenn sib la chak fwa, se paske yo—yo t ap swiv Pawòl la.

<sup>25</sup> Isi a kèk tan de sa . . . Tout moun konnen m renmen egzès tire, pou ap tire, e latriye. E m te gen yon ti Modèl kalib 70 Winchester. M te distanse m, epi a senkant mè, sou yon ranje sib pou vize, m te tire uit bal nan menm twou a, a senkant mè. E bal la, te devye on ti kras. Ou dwe jwe avè l epi manipile l. E m renmen fè sa, sa on jan kalme nè mwen. E kou sa te pati. M pa t ka fè l antre. M te panse sa te bezwen replase.

<sup>26</sup> M te voye l tounen bay Konpayi Winchester. Yo te retounen l, epi yo te di: “O, Frè Branham, ou pito, Mesye. Branham,” yo te di, “si . . . Winchester sa se youn nan pi bon yo.” Yo te di: “L ap reyisi yon pous a senkant mè, a vennsenk mè, mwen vle di, yon pous a vennsenk mè.” Yo te di: “Sa se pi bon rezilta w ap jwenn.”

<sup>27</sup> M te konnen se pa sa. M te konnen ke a senkant mè m te fè uit kou drèt avè l. Kifè m te konnen ke sa te fo. Kounye a, se fason an . . . E m pa t ka repoze m jiskaske m te reprann li. Kounye a, l ap fè menm bagay la.

<sup>28</sup> Bon, mwen pa youn nan moun sa yo ki renmen ap tire pou fè plon gaye, “Legliz di sa, kifè annou jis rete avè l.” Si apot yo, ak Pawòl Bondye a, ak kòmandman Bondye yo, ak menm Sentespri ke nou resevwa, te mennen sib pou vize yo sou gerizon Divin, sou pwisans Bondye, si n ap rete avè l, nou konnen ke se sa l ye la, kifè rete jiskaske nou byen aliye, se tou, paske nou konnen li te fè l yon fwa.

<sup>29</sup> E zafè, “jou mirak yo pase,” epi “Jezikri menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan”? Kijan Bondye sa ka mouri epi resisite, epi ap viv pou tout tan? Kijan nou ka fè l vin yon kredo, alòske Bondye pa gen okenn kredo?

<sup>30</sup> Bondye se yon Moun. Bondye abite anndan Legliz Li, e nou se Legliz Li. Si nou ne de nouvo, epi nou ranpli ak Sentespri a, nou se Legliz Bondye. Bondye abite nan . . . Li demere avèk nou. Lè Bondye te desann, pou te fè L chè epi abite nan mitan nou, kisa L te fè? Li—Li te elaji tant Li pami èt imen. Li—Li te pase de Bondye pou vin lòm, pou lòm te ka vin tankou L. O, Li te vin mwenmenm, pou ke atravè gras Li mwen te ka vin Limenm.

<sup>31</sup> O, ala yon gwo bagay. Nou p ap janm konprann sa sa te ye. Se pa etonan ke moun ap mande jodi a: “Kote Bondye?” Retounen nan Pawòl la. Retounen nan kòmansman an.

<sup>32</sup> Nan kòmansman an Li te di disp Li yo, “Ale nan tout mond lan, epi preche Levanjil la. Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè.” Se te fini. Retounen nan menm Pawòl sa e Li va pwodui menm bagay la. Yo te swiv Pawòl sa, e Sa te byen aliye pou atenn sib la. Chak sib, chak pwomès ke Bondye te fè, te manifeste.

33 Si nou retounen nan menm Pawòl sa, L ap atenn menm sib yo, fè menm mirak yo, akonpli menm bagay yo, pwodui menm vi a, pwodui menm kreyati a, resisite mò, geri malad, chase demon, wè vizyon, pwofetize. Se menm Levanjil la k ap atenn sib la lè sa a, si n ap retounen nan menm bagay la.

34 Tankou, remete fizi a nan menm eta li te ye nan pwen depa a, tout vibrasyon yo nèt soti ladann, li va dirije bal sa toudwat. E si nou fè tout vibrasyon enkredilite soti nan nou, Pawòl Bondye a va byen aliye jis egzaktman jan sa te ye nan premye kòmansman an. Se egzaktman sa. Li va atenn sib li a chak fwa. Li te fè l yon fwa; Li va fè l ankò. Piga nou satisfè ak yon kredo oswa yon bagay kèlkonk. Rete drèt la jiskaske Pawòl la atenn sib la.

35 Sa raple m epòk lè manman an ak papa a, oswa, papa adoptif Seyè Jezi nou an te mennen L nan fèt Pannkot la. Epi yo te fè twa jou vwayaj, e—e finalman yo t ap chache L. Yo—yo pa t ka jwenn Li.

36 Se fason legliz la te pati kounye a. Li pati depi plis ke . . . li pati depi apeprè de mil an nan yon vwayaj, pou ap chache L. Men ni. Gen siy toupatou k ap parèt konsènan Vini Li an, epi yo di: “Kote Bondye? Kote Bondye? Kisa k rive L?”

37 Èske nou te remake? Mari ak Jozèf t ap chache L nan mitan fanmi pwòch pa yo, men yo pa t jwenn Li. Jodi a nou retounen dèyè pou wè si Metodis yo genyen L, si Batis yo genyen L, Presbiteryen yo, oswa Literyen yo. Non, mesye, yo pa t jwenn Li. Ni nou p ap jwenn Li jodi a. Pe enpòt konbyen n ap eseye retounen dèyè pou reverifye youn nan ansyen denominasyon yo, ki mouri, nou p ap janm rive.

38 Ki kote yo te jwenn Li? Kote yo te kite L la. Alelouya! Ou panse m se yon sen eksite; M sipoze se sa m ye. N ap jwenn Li menm jan yo te fè a: kote yo te kite L la. Kote yo te kite L la, se la yo te jwenn Li. Se la legliz ap jwenn Li.

39 Ki kote yo te kite L? Nan fèt Pannkot la. Ki kote legliz ap jwenn Li? Retounen nan fèt Pannkot la, kote yo te kite L la lè yo te elwaye yo de doktrin apot yo e latriye. Retounen nan kòmansman aj sa yo, yo te elwaye yo de li pou yo te fòme pwòp kredo yo, epi kòmanse doktrin Nikolayit la, fòme legliz Katolik la, yo te òganize yon relijyon ak—ak sa yo rele relijyon Kreyen an. E apati de la yo te òganize tèt yo, epi kraze bagay yo, epi mennen tout Kreyen nan kredo, e latriye, e yo te melanje l nèt jiskaske se menm galimatcha a Li te jwenn lè L te vini. Se egzaktman sa.

40 Retounen nan kòmansman an kote nou te kite L la, kote Li te pwisan, kote Li te resisite mò, epi geri malad, epi chase demon; sa se retounen toudwat nan kòmansman an, kote nou te kite L la.

41 Yo mande: “Ki kote L ye? Èske L avèk Metodis yo? Èske L avèk Batis yo?” Oswa menm: “Èske L avèk Pannkotis yo?” Non, mesye. Retounen nan ori- . . . pa òganizasyon Pannkotis,

pa denominasyon Pannkotis, sa se yon non. Kimoun ki ka òganize Pannkot? Reponn mwen. Pannkot se pa yon òganizasyon. Pannkot se yon eksperyans pou nenpòt kwayan ki vle resevwa l. Retounen nan eksperyans lan, pa retounen nan yon òganizasyon, men retounen nan yon eksperyans. Pannkot se yon eksperyans.

<sup>42</sup> Kite m di nou yon bagay. Gade fwi legliz Pannkotis yo ap pote jodi a, n ap dekouvri ke yo pa t kòmanse apati de kòmansman an: ap fè diskisyon, ap dechire pit, ap chofo dife, ap met bagay tèt anba, ap pran pati pou *sesi*, epi pran pati pou *sela*. Jezi te di nan Jan 14, oswa Jan 15: “Mwen se Pye rezen an, nou se branch yo.” Pa vre?

<sup>43</sup> Kounye a, noumenm kiltivatè yo, noumenm moun Texas yo, moun Lwizyàn yo, e sa-nou-ka-ye isi a, nenpòt moun ki gen bon sans, ki janm wè yon pye rezen k ap pouse, konnen ke pye rezen an pa pote fwi. Branch rezen yo se sa ki pote fwi, men yo jwenn lavi yo nan pye rezen an. Jezi se sous Lavi nou. Wi, mesye. Kounye a, n ap remake, la, si Jezi se sous Lavi nou, alò Li se vrè Pye Rezen an. Lavi menm ki nan pye rezen an nan branch lan. E si pye rezen sa pwodui yon premye branch, epi branch sa se, yon grap rezen ki pouse sou li, si jamè li pouse yon lòt branch, se pral yon grap rezen. Li va bay yon lòt branch, se va yon grap rezen. E se va menm kalite branch lan jouk nan bout pye rezen an. O Bondye.

Kounye a mwen vle demi èdtan m nan; m jis ap prepare m pou m atenn li. Amèn.

<sup>44</sup> Chak fwa pye rezen sa pwodui yon branch, l ap tankou premye branch lan. Poukisa? Paske lavi ki nan pye rezen an ap pwodui menm kalite branch lan. Si premye pye rezen an pwodui rezen, pwochen an pa p pwodui joumou. Pwochen an p ap pwodui fwi ras sitwon. Epi, apre yon ti tan, ap desann konsa, li p ap fè sa.

<sup>45</sup> Si vrè Pye rezen an pwodui yon branch, epi si... Jezi se Branch lan nan premye, oswa, se Pye rezen an. E premye branch ki te pouse, yo te ekri yon Liv Ak apre sa. Pa vre? Legliz Pannkotis la, vrè legliz Pannkotis la, e sa te ekri yon Liv Ak, ak siy ak mirak ki t ap swiv kwayan an. Si vrè Pye rezen sa a pwodui yon lòt vrè branch, yo pral ekri yon liv Ak dèyè l. Wi, mesye.

<sup>46</sup> Isi a nan Arizona sa pa fè lontan, m t ap gade yon pye bwa nan lakou yon nonm: yon pyebwa ras sitwon. Li te gen nèf diferan kalite fwi sou yon sèl pyebwa a. Se te sa. Yo chak te yon fwi diferan. Se te yon pye zoranj pou kòmansse, men li te gen grenad; li te gen—li te gen sitwon; li te gen chadèk; tout diferan kalite fwi nan ras sitwon. Poukisa? Yo te grefe ladann. Yo t ap viv de vi pyebwa sa, men yo pa t ka pwodui anyen ke sa yo te ye a. Yo pa t ka pwodui zoranj, paske yo te yon branch rezen grefe. Men chak fwa pyebwa sa te pwodui yon vrè branch ki sot nan li, se te yon pye zoranj, e li te bay zoranj.

47 Sa se fason an jodi a. Nou grefe pye rezen Metodis, Batis, Presbiteryen sou vrè Pye rezen an, epi n ap viv de fòs Li. Men sa pa ka pote anyen lòt ke kredo ak denominasyon. Men si Pye rezen sa janm pwodui yon lòt branch, l ap entèdenominasyonèl, alimante ak Sentespri a, jis egzaktman jan l te ye nan Jou—nan Pannkot la; retounen nan kòmansman an. Amèn.

Pito m koupe. Amèn.

48 Si jamè Pye rezen sa pwodui yon lòt branch, l ap jis tankou l te ye nan kòmansman an. Nou grefe tout kalite kredo legliz ladan l: Batis, Metodis, Pannkotis, Presbiteryen, Literyen, Batis; epi yo chak pote fwi Batis, fwi Metodis, fwi Pannkotis, ak tout lòt bagay. Men lè sa retounen, si jamè Pye rezen sa a pwodui yon lòt vrè branch, l ap pote fwi Sentespri. Amèn. L ap . . .

Yo deklare: “Ebyen, nou se Metodis.”

“Li pa t konsa depi nan kòmansman an.”

“Nou se Batis.”

“Li pa t konsa depi nan kòmansman an.”

“Nou se Presbiteryen.”

“Li pa t konsa depi nan kòmansman an.”

“Nou pa kwè nan pale an lang.”

“Li pa t konsa depi nan kòmansman an.”

“Nou pa kwè nan gerizon Divin nan legliz pa nou an.”

“Li pa t konsa depi nan kòmansman an.” Alelouya! Sa nou bezwen jodi a se yon bagay k ap retounen nan kòmansman an ankò, tounen nan kòmansman an. Alelouya!


Tan m fini. Annou priye.

49 Seyè Jezi, o, pèmèt mwen viv pou m wè jou kote legliz la pral retounen nan kòmansman an. Akòde l, Seyè. Ranpli ti plas sa maten an. Wenn ti pastè sa isi a, Seyè, ak lòt sa yo. Bannou glwa Ou. Bannou gras Ou. Bannou yon reyinyon isi a, Seyè.

50 Annou bliye lòt bagay yo pou retounen nan kòmansman an, paske nou konnen ke Mèt nou an ap pale nan kè nou maten an: “Elwaye pye rezen grefe sa yo la. Separe tèt nou de enkredilite. Retounen nan kòmansman an. Se la kote se te konsa.” Epi, Seyè, nou vle tout bagay ki konsa depi nan kòmansman an.

51 Seyè, pèmèt ke eksperyans nou, si nou poko janm fè l jouk maten sa . . . Si gen yon moun ki chita isi a ki pa t janm gen eksperyans kòmansman Lespri sa, se pou l gen menm Lespri sa ki te devèse nan kòmansman an, poukisa nou ta dwe pran yon ranplasan? Poukisa nou ta dwe pran yon bagay fanatik? Poukisa nou ta dwe pran kèk kredo radikal, frèt, fòmalis, endiferan, alò ke syèl Pannkotis la plen ak vrè eleman otantik? Poukisa w ap pran yon ranplasan?

<sup>52</sup> Seyè, annou retounen nan kòmansman an, epi resevwa l jan yo te fè l nan kòmansman an, epi annou gen menm zèv, menm siy, menm mirak ki pote menm fwi yo: lanmou, lajwa, lapè, tolerans, bonte, dousè, jantiyès, pasyans. Bondye akòde l. Koute nou, Papa, paske nou remèt ti legliz sa ak revèy sa a ba Ou nan men W, nan Non Jezikri. Amèn.

Bondye beni nou. M rayi pou m oblije kouri, men nou pase onzè kounye a. M ap wè nou aswè a. Mèsi . . . 



61-0119M Bagay Ki Pa T Konsa Depi Nan Kòmansman An  
Hall Lejyon Ameriken  
Beaumont, Tegzas Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)